

PANGARUH LINGKUNGAN SAKOLA KANA MOTIVASI DIAJAR MURID

(Survei Siswa Jurusan Akuntansi di SMK LPPM RI 1 Bandung Taun Ajaran 2022/2023)

Ku:

Linda Astriyan

175020096

RINGKESAN

Panilitian ieu miboga tujuan pikeun mikanyaho pangaruh lingkungan sakola kana motivasi murid di Jurusan Akuntansi SMK LPPM RI 1 Bandung, populasi dina panilitian ieu nya éta sakabéh murid Jurusan Akuntansi di SMK LPPM RI 1 Bandung ngagunakeun pamarekan panalungtikan kuantitatif kalawan métode survéy. Téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun instrumén angkét ngagunakeun média *Google form*, téhnik analisis data dibantuan ku ngagunakeun aplikasi nyaeta *IBM SPSS Statistics Versi 25.0*, dimana hasil tina ieu panaleulitian teh nyaeta, (1) lingkungan sakola nunjukkeun hasil data kalawan jawaban rata-rata 4,19 kalawan perséntase 83,84% kaasup kana kritéria alus pisan. (2) Motivasi diajar nunjukkeun hasil data rata-rata 4,25 kalawan perséntase 84,97% kaasup kana kritéria alus pisan. (3) Pangaruh lingkungan sakola kana motivasi diajar murid Jurusan Akuntansi di SMK LPPM RI 1 Bandung nyaéta 49,5%. Sedengkeun 50,5% sésana dipangaruhan ku variabel séjén. Persentase 49,5% kaasup kana kategori anu cukup kuat. Panulis nyarankeun ka sababaraha pihak nyaeta (1) Kapala sakola dipiharep bisa nyiptakeun kondisi lingkungan anu kondusif pikeun murid jeung méré kasempetan ka sadayana guru pikeun ngiringan dina kagiatan di luar sakola kangge usaha ngaronjatkeun kaparigelan ngajar anu bisa ngaronjatkeun motivasi diajar. (2) Guru dipiharep bisa nyiptakeun lingkungan sakola anu hadé pikeun murid sangkan murid leuwih sumanget diajar sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal sacara optimal. (3) Pikeun Panilitian satuluyna, dipiharep bisa naliti faktor-faktor séjénna anu ogé mangaruhan motivasi murid salian ti lingkungan sakola saperti hasil diajar murid, minat diajar siswa jeung sajabana sangkan kontribusina bisa dipikanyaho pikeun motivasi diajar.

Kecap Konci: lingkungan sakola, motivasi diajar